Pou Piblikasyon Imedya: 1/10/2016 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE CROWN HOLDINGS AP ENVESTI $132 MILYON NAN NOUVO IZIN MANIFAKTI NAN SOUTHERN TIER

Nouvo izin lan ap kreye plis pase 160 djòb; Make pi gwo envestisman pa Crown Holdings nan Etazini nan plis pase 20 ane

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Crown Holdings, Inc., yon lidè mondyal nan teknoloji anbalaj metalik, ap envesti $132 milyon pou bati premye izin manifakti l nan Etazini nan plis pase 20 ane. Nouvo operasyon konpayi an, sa ki pral lokalize nan Konte Tioga, ap kreye plis pase 160 nouvo djòb nan Southern Tier.

"Envestisman entelijan nan manifakti avanse ap mennen a kwasans nan Southern Tier ak plis simante pozisyon New York kòm yon lidè mondyal nan 21yèm syèk la ak inovasyon," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouvo etablisman sa ap kreye travay ki peye byen nan Southern Tier e lap ede fè rejyon an ale delavan."

"Nou kontan paske nou te anmezi pou elaji operasyon konpayi an nan nòdès Etazini, e nou kontan paske nou ka travay sere sere an patenarya avèk Empire State Development New York, Konte Tioga, vil Nichols ak NYSEG pou etabli pi bon etablisman nan kalite sa," **te deklare Prezidan Divizyon Amerik Crown Djalma Novaes.**

Crown Holdings se yon konpayi komèsyal piblik ki sèvi yon gwo mache – alafwa nasyonal ak entènasyonal– nan endistri bwason, manje, sante ak bote, pwodui liksye, endistriyèl ak kay. Katye jeneral Crown lokalize nan Philadelphia, Pennsylvania; e konpayi an anplwaye apeprè 23,000 moun nan tout mond lan.

Nouvo etablisman konpayi an ap lokalize nan Park Endistriyèl Konte Tioga nan Vil Nichols. Crown Holdings ap envesti $132.8 milyon pou bati de nouvo liy bwat bwason an fèblan nan izin fabrikasyon an, epi kreye omwen 164 nouvo djòb nan 2018. Ekspansyon an ap kreye kapasite pwodiksyon aktyèl konpayi an pou bwat bwason spesyalize, pèmèt yo pi byen sèvi mache strateji Amerik di Nò yo. Prezans Crown nan New York bay tou posibilite pou plis devlopman nan Southern Tier.

New York te nan konpetisyon dirèk avèk lòt eta yo pou nouvo izini manifakti konpayi an. Crown Holdings te di l klè ke rekonpans eta yo te ofri te konsidere kòm eleman

esansyèl nan konsiderasyon yo pandan pwosesis chwa anplasman an; e konsa, New York te ofri yon pake rekonpans ki baze sou pèfòmans. Sa a enkli jiska $8.1 milyon nan Pwogram Kredi Taks Eksèlsyò ak yon sibvansyon kapital jiska $6.9 milyon. An retou, konpayi an planifye pou envesti anpil nan nouvo izin lan epi kreye ak kenbe omwen 164 nouvo djòb nan Southern Tier.

Pwojè a ap resevwa tou sipò lokal nan fòm yon PILÓT atravè Ajans Devlopman Endistriyèl Konte Tioga. Anplis, Crown Holdings tap travay avèk New York State Electric & Gas Corporation (NYSEG) pou fasilite enstalasyon sèvis piblik nan teren pwojè a, e NYSEG ap bay yon Sibvansyon Enfrastrikti Enèji devlopman ekopnomik pou ede avèk pwojè sa yo.

Pwojè sa dirèkteman aliyen avèk Plan Stratejik Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Southern Tier; spesifikman, efò pou devlope sektè manifakti avanse rejyon an epi etabli l kòm yon lidè mondyal pou pwochen devlopman jenerasyon. Pwojè a ap travay an kowòdinasyon avèk Ajanda Opòtinite rejyon an pou fè avanse popilasyon ki nan povrete yo nan travay epi pouswiv pwojè ak inisyativ kap kreye opòtinite pou nouvo travay ak fòmasyon konpetans. Anplis de sa, pwojè sa avanse alafwa inisyativ Opòtinite gouvènè a ak inisyativ Global NY nan Southern Tier, jenere nouvo opòtinite ekonomik pandan lap elaji ekspòtasyon ak envestisman etranje.

“Nou rejwenn patnè kominotè nou yo nan akeyi Crown nan Konte Tioga ak nan Southern Tier. Repitasyon ekselan Crown ak kalite travay yo pral ofri ap fè konpayi an vin yon aktè kle nan ekonomi lokal la,” **te deklare Mark S. Lynch, prezidan ak PDG NYSEG ak RG&E**. “Nou kontan paske nou sipòte elektrisite Crown ak bezwen enfrastrikti gaz natirèl. Anplis, nou pral bay Crown asistans sibvansyon atravè èd sibvansyon nan pwogram devlopman ekonomik depi anpil deseni kap ede biznis yo grandi epi kreye travay. Rekonèt benefis pwojè sa pote nan rejyon an ap fè nou espeysalman kontan pou n patisipe.”

“Konte Tioga kontan anpil paske Crown Holdings te deside pou bati izini yo nan Konte Tioga, bay nouvo djòb ak nouvo opòtinite pou rezidan nou yo isit la ak toupatou nan Southern Tier,” **te deklare Prezidan Martha Sauerbrey, Lejislati Konte, Tioga.** “Te gen anpil sipò ki soti nan nivo lokal ak Eta pou fè pwojè sa travay e se yon temwayaj sou reyalite ke lè moun yo travay ansnam, anpil gwo bagay ka rive!”

“Mwen kontan pou m akeyi Crown Holdings nan Konte Tioga e map rete tann pou m fè patenarya avèk pwopriyetè konpayi yo ak gouvènè a pou asire reyisit yo,” **te deklare Senatè Fred Akshar.** “Mwen espere aksyon sa ap sèvi kòm yon katalis pou plis devlopman ekonomik ak kreyasyon travay nan rejyon nou an e mwen pral kontinye travay avèk Gouvènè a pou asire ke sa fèt.”

“Adisyon izin manifakti Crown nan Konte Tioga avèk 160 nouvo djòb se yon gwo kòmansman pou ane 2016. Rejyon Southern Tier te gen difikilte depi inondasyon 2011 lan,” **te deklare Manm Asanble Chris Friend.** “Grasa efò lidè lokal yo tankou Lee Ann Tinney, Konte Tioga ap kontinye ajoute epi divèsifye opòtinite ekonomik li. Pou lavni,

mwen enpasyan pou m travay avèk Gouvènè a pou asire ke nou kontinye elaji devlopman ekonomik ak kwasans travay nan Southern Tier."

"IDA kontan dèske Crown Holdings te chwazi Southern Tier kòm nouvo kay li, isit la nan Konte Tioga," **te deklare Prezidan Konsèy Konte Tioga IDA, Ralph Kelsey**. "Opòtinite pou gen yon konpayi manifakti etabli ap devlope ak elaji nan Nòdès se pa yon bagay ki rive souvan, men kounye a li la. Nap rete tann pou yon bon relasyon dirab ak alontèm."

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber |press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418